

ASISTANS IMIGRASYON LEGAL GRATIS

Èske w ap fè fas ak difikilte pou jwenn yon avoka imigrasyon epi ou gen kesyon legal ki ijan?

Si ou tonbe nan YOUN NAN kategori sa yo...:

- Ou se yon moun k ap viv kounye a nanabri ijans pou fanmi (Emergency Assistance Family Shelter);
- Ou te kiteabri ijans pou fanmi nan 12 dènye mwa yo; oswa
- Ou enskri kounye a nan pwogram HomeBASE la.

Ou kalifye pou resevwa konsèy ak asistans legal imigrasyon GRATIS!

Ou ka pran randevou ak yon avoka imigrasyon pou diskite nenpòt kesyon oswa enkyetid legal ou genyen, tankou:

- *Mwen gen yon randevou ak ICE, kisa pou m fè?*
- *Mwen gen yon dat tribinal ki pwoch, kijan mwen ka prepare?*
- *Pèmi travay mwen pral ekspire, kisa m dwe fè kounye a?*
- *Èske mwen kalifye pou azil?*
- *E plis ankò!*

Si ou enterese nan sèvis sa a, tanpri ranpli fòm lan lè ou itilize kòd QR sa a.



Si yo jwenn ou kalifye pou sèvis la, w ap resevwa yon imèl ak enstriksyon pou pran randevou ak yon avoka imigrasyon gratis.

Pou nenpòt kesyon, ou ka kontakte nou nan ori.inbox@mass.gov!